



Pou Piblikasyon Imedya: 30/08/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE SERI SESYON ODYANS SOU MARIWANA KI REGILARIZE

Yo Ankouraje Manm ak Pati Ki Konsène nan Kominote a yo pou Patisipe nan Youn nan 15 Reyinyon Ki Planifye Atravè Eta a

Gwoup Travay yo pral Redije Pwojè Lwa pou yon Pwogram Mariwana Ki Regilarize Pou Granmoun Itilize pou Kò Lejislatif lan Konsidere nan Sesyon Ki Ap Vini an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral òganize yon seri sesyon odyans sou mariwana ki regilarize atravè Eta New York an Septanm ak Oktòb. Objektif sesyon sa yo se pou rasanble enfòmasyon ki soti nan manm ak pati kle ki konsène yo nan kominote a sou reyalyasyon yon pwogram mariwana ki regilarize nan Eta New York. Enfòmasyon sa a pral asiste Gwoup Travay sou Mariwana (Regulated Marijuana Workgroup) ki Regilarize an nan redije pwojè lwa pou pwogram mariwana pou granmoun itilize a pou Kò Lejislatif lan konsidere nan sesyon ki ap vini a.

“Enfòmasyon kominote a enpòtan anpil pandan ke nou ap travay pou redije pwojè lwa ki balanse epi ki global sou yon pwogram mariwana ki regilarize nan New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Rapò divès ajans lan te idantifye avantaj yon mache mariwana ki regilarize, epi ak sesyon odyans sa yo nou ap franchi yon lòt etap enpòtan pou devlope yon pwogram modèl pou New York. Nou espere koute sa ke moun New York yo ki nan chak kwen nan eta a gen pou di.”

“Enfòmasyon ki soti nan kominote yo nan chak rejyon nan eta a se yon pati esansyèl nan apwòch nou an pou yon pwogram mariwana ki regilarize”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Ak yon pwosesis minisyè, New York ap vanse nan redaksyon yon politik ki pral asire pwogrè ki ap kontinye atravè eta nou an.”

Yo pral òganize kenz [sesyon odyans](#) atravè Eta New York nan lokal nou pral site la yo: Albany, Glens Falls, Bronx, Manhattan, Queens, Brooklyn, Staten Island, Long Island, Newburgh, Binghamton, Buffalo, Rochester, Syracuse, Utica ak Watertown. Sesyon odyans yo pral kòmanse nan kòmansman mwa Septanm nan epi konplete apati mi-Oktòb. Sesyon odyans yo, ke yo pral òganize nan aswè epi konsiste de diskisyon ke yo fasilite yo, pral ouvri pou popilasyon an, epi pou akomode tout moun sa yo ki ap planifye patisipe, yo pral ankouraje enskripsyon alavans.

Tanpri gade lis dat ak lokalite yo ki anba la a:

Mèkredi 5 Septanm - Albany
Jedi 6 Septanm - Glens Falls
Lendi 17 Septanm - Bronx
Jedi 20 Septanm - Manhattan
Lendi 24 Septanm - Queens
Madi 25 Septanm - Brooklyn
Mèkredi 26 Septanm - Staten Island
Jedi 27 Septanm - Long Island
Lendi 1 Oktòb - Newburgh
Madi 2 Oktòb - Binghamton
Mèkredi 3 Oktòb - Buffalo
Jedi 4 Oktòb - Rochester
Madi 9 Oktòb - Syracuse
Mèkredi 10 Oktòb - Utica
Jedi 11 Oktòb - Watertown

Enfòmasyon konsènan inisyativ espesifik yo ak enskripsyon alavans yo disponib [la a](#).

An Janvyè, Gouvènè Cuomo te komisyonè yon etid ant divès ajans, ki dirije pa Depatman Sante a (Department of Health), pou evalye enpak yon pwogram mariwana ki regilarize nan Eta New York. Yo te bay Gouvènè a [Evalyasyon sou Enpak Potansyèl Mariwana ki Regilarize nan Eta New York](#) (Assessment of the Potential Impact of Regulated Marijuana in New York State) lan an Jiyè. Evalyasyon enpak lan te egzamine enpak sou sante, enpak ekonomik, enpak sou sekirite piblik ak jistis kriminel ke yon pwogram mariwana ki regilarize ap genyen nan Eta New York, ak konsekans yo pou Eta New York akòz legalizasyon nan eta ki alantou yo.

Etid lan te dekouvri ke enpak pozitif yon mache mariwana ki regilarize nan Eta New York yo depase aspè negatif potansyèl yo, epi ke yo ka redwi domèn ki ka yon koz enkyetid yo gras a règleman ak izaj apwopriye edikasyon piblik ki adapte pou abòde popilasyon kle yo.

Baze sou dekouvèt etid lan, Gouvènè a [te anonse](#) kreyasyon yon Gwoup Travay sou Mariwana ki Regilarize pou bay Eta a konsèy sou apwòch lejislatif ak regilatwa yo ki nesesè pou pwoteje sekirite piblik, bay pwoteksyon pou konsomatè, asire sekirite piblik, abòde pwoblèm jistis sosyal yo epi kapte epi investi revni fiskal yo. Gwoup Travay lan gen ladan ekspè sou sijè ki konsène a ki soti toupatou nan Eta a ansanm ak reprezantan gouvènmantal yo pou sante piblik, sante mantal, itilizasyon sibstans, fiskalite ak finans, fòs lapolis ak sekirite piblik.

Pou kapab jwenn plis enfòmasyon sou Mariwana ki Regilarize, vizite: https://www.health.ny.gov/regulations/regulated_marijuana/.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)